



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PWOCHÈN FAZ SANT INOVASYON TERAPI SELILÈ AK JENETIK K AP MENNEN NAN NASYON AN NAN LONG ISLAND: NEW YORK BIOGENESIS PARK**

*Pwojè 430 milyon dola pral katalize rechèch, devlopman ak komèsyalizasyon terapi ki kapab sove anpil lavi*

*Angajman 150 milyon dola Eta a make pi gwo investisman Eta a nan terapi selilè ak jenetik nan tout peyi a*

*Avanse vizyon toupatou nan Eta New York pou Lidèchip Terapi Selilè ak Jenetik*

*Reprezantasyon grafik lan disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a plan pou New York BioGenesis Park, yon Sant Inovasyon nan Terapi Selilè ak Jenetik (Cell and Gene Therapy, CGT) revolisyone ki koute 430 milyon dola nan Konte Nassau, Long Island. The Albanese Organization, Inc. pral gen pou devlope etablisman modèn sa a ki ta katalize rechèch, devlopman, fabrikasyon klinik, ak komèsyalizasyon CGT atravè Eta New York. Avèk yon investisman istorik 150 milyon dola eta—pi gwo investisman nan tout peyi a pou yon sant terapi selilè ak jenetik—NYBGP ta akselere livrezon nouvo terapi soti nan laboratwa rive nan pasyan nan divès kominote New York yo. Sant ki pote transfòmasyon sa a gen pou objektif pou etabli New York kòm premye destinasyon mondyal pou inovasyon CGT, pou ankouraje kwasans ekonomik, atire talan ki pi briyan yo, ak revolisyone swen pasyan yo nan tout eta a ak odela.

"Avèk sant revolisyone sa a, New York gen opòtinite pou l fè reklamasyon li kòm episan inovasyon terapi selilè ak jenetik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pa jis avanse syans medikal; n ap kreye yon pwisans ki pral estimile ekonomi nou an, k ap jenere plizyè milye djòb ki lajman kalifye, epi pote espwa pou plizyè milyon moun k ap fè fas ak maladi ki menase lavi yo. Investisman sa a reyafime angajman nou pou dirije avni swen sante a epi asire pwochen dekouvèt medikal la rive isit la nan New York."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Seleksyon yon pwomotè ki gen ekspètiz pwouve asire Sant CGT Long Island lan ta dwe yon fa ekselans depi nan kòmansman li jis rive nnan

operasyon. Envestisman enpòtan ESD a non sèlman souliye angajman New York pou lidèchip nan syans lavi yo, men tou katalize yon chanjman transfòmatif nan peyizaj bioteknoloji nou an. Lè yo kreye bon jan kalite djòb, atire talan klas mondyal, ak ankouraje inovasyon revolisyonè, New York BioGenesis Park ta solidifye pozisyon New York nan terapi selilè ak jenetik globalman, pou ankouraje kwasans ekonomik ak avansman syantifik nan mezi ki egal."

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Envestisman revolisyonè epi ki pote transfòmasyon sa a mete Eta New York alatè syans jenetik ak terapi selilè k ap emèje yo, sa ki kreye yon sant inovasyon ak avansman santralize nan swen pasyan yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou l investi nan fiti rechèch medikal ak teknoloji terapeitik ki pral bay pasyan yo espwa k ap goumen kont kansè ak lòt maladi devastè yo."

Sant Inovasyon nan Terapi Selilè ak Jenetik se yon eleman enpòtan nan inisyativ Terapi Selilè ak Jenetik nan tout eta a te anonse nan diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 Gouvènè Hochul la. Avèk 430 milyon dola New York BioGenesis Park nan Long Island ak ekspansyon 98 milyon dola nan Sant Kans Global Roswell Park (Roswell Park Comprehensive Cancer Center) nan Buffalo, pwojè sa yo reprezante yon investisman total konbine ki plis pase demi milya dola nan inovasyon nan Terapi Selilè ak Jenetik atravè New York.

Yo te chwazi Albanese Organization, Inc., yon pwomotè ki baze nan Long Island ak plis pase 70 ane eksperyans nan jere patenarya piblik-prive ki gen siksè, apre yon Apèl Dòf (Request for Proposals, RFP) yo te pibliye an desanm 2023. Yo chwazi Albanese kondisyonèlman pou dirije pwosesis konplè pou konsevwa, finanse, konstwi, komèsyalize, lwe, epi opere Sant Terapi Jenetik ak Selilè Long Island la. Seleksyon sa a asire ke pwojè a pral egzekite soti nan konsepsyon rive nan operasyon ak yon ekip devlopman ki gen eksperyans, k ap pwofite anpil ekspètiz Albanese nan devlope gwo kanpis inovasyon syans lavi yo.

**Prezidan Albanese Organization, Russell Albanese, te deklare,** "Albanese Organization ak ekip devlopman nou an santi yo onore ak eksite paske yo te deziyen pa Empire State Development pou antre nan patenarya piblik prive sa a ki pral reyalize vizyon Gouvènè a pou kreye yon 'Sant pou Lavni' pou Terapi Selilè ak Jenetik nan Lake Success, Long Island. Devlopman ki pote transfòmasyon sa a pral sèvi kòm yon katalizè enpòtan pou avanse rechèch, devlopman, fabrikasyon klinik, ak komèsyalizasyon terapi selilè atravè Eta a ki pral mennen nan plis aksè ak tretman ki pote transfòmasyon, ki sove anpil lavi. Sant lan pral anplifye ak elaji davantaj motè ekonomik lan ki se endistri syans lavi yo nan Eta New York, epi espesyalman nan Long Island."

Terapi selilè ak jenetik yo se tretman revolisyonè ki modifiye selil oswa jèn yon pasyan pou konbat maladi nan rasin yo. Ofri espwa pou kondisyon ki te deja pa gen tretman—ki gen ladan kansè, twoub jenetik, ak maladi oto-imitè—apwòch sa yo vize maladi yo nnan nivo selilè ak jenetik. Yo gen potansyèl pou bay tretman ki dire lontan ki pi efikas

ak mwens efè segondè pase metòd tradisyonèl yo. Avansman nan terapi sa yo ka revolisyone swen sante, pave wout la pou medikaman pèsonalize ak nouvo posiblité pou pasyan ki fin epuize lòt opsyon tretman yo.

Yo anvizaje New York BioGenesis Park kòm yon kanpis dènnye kri ak sèvis konplè ki dedye ak avanse terapi selilè ak jenetik ak akselere komèsyalizasyon yo. Lè li fin konstwi, pak 700,000 pye kare a ta kreye yon sant inovasyon ak ekipman pou Terapi Selilè ak Jenetik soti nan yon ekstremité rive nan yon lòt, ki gen zòn ki konekte ansanm pou angajman piblik, rechèch, fabrikasyon, ak kolaborasyon. Pwojè a ta pral devlope nan plizyè faz, ak Premye Faz ki gen ladan yon etablisman 331,000 pye kare sou kanpis Northwell Health nan Lake Success, ki gen ladan premye Tou Terapi Selilè ak Jenetik ak Tou Òganizasyon Devlopman ak Fabrikasyon sou Kontra (Contract Development and Manufacturing Organizations, CDMO). Premye Faz la deja pare pou avanse, ak angajman kondisyonèl de lokatè ankraj; youn ta opere CDMO a, lot la ta opere enkibatè a.

Yon poto mitan nan York BioGenesis Park se enkibatè li a, ki sipòte pa yon investisman 50 milyon dola nan Fon Envestisman Long Island ESD a. Etablisman sa a pral otorize devlopè terapeitik ki nan premye etap yo lè li ofri espas laboratwa imid modèn, ekipman pataje, espas biwo, ak lòt resous esansyèl. Anviwònman ankourajan sa a ta bay konpayi Terapi Selilè ak Jenetik aksè ak ekipman espesyalize, mentora, ak konsèy finansye ki apwopriye pou etap yo. Antanke yon eleman enpòtan nan New York BioGenesis Park, enkibatè a ap katalize kwasans ki pwomèt konpayi Terapi Selilè ak Jenetik lè li ba yo resous ak sipò, debloke potansyèl yo pou inovasyon ak sikse.

Faz inisyal sa a sipoze kreye apeprè 830 djòb konstriksyon sendika a plen tan ak yon estimasyon konbine 700 djòb ki gen rapò ak devlopman Terapi Selilè ak Jenetik ak pwovizyon sèvis ak teknoloji devlopè Terapi Selilè ak Jenetik yo mande yo, tankou Devlopman Kontra ak Òganizasyon Faktori, devlopè vektè, ak founisè dyagnostik avanse, ansanm ak anplwaye ki nesèsè pou operasyon Sant lan. Faz Dez ta pral elaji plis espas laboratwa ak biwo, pou amelyore kapasite pak la pou konpayi Terapi Selilè ak Jenetik ak founisè sèvis yo.

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "New York BioGenesis Park reprezante yon investisman transfòmatif nan avni Long Island ak pozisyon Eta New York kòm yon lidè mondyal nan avansman byoteknoloji. Pwojè sa a non sèlman pwomèt kreye plizyè santèn djòb ki lajman kalifye, men tou li etabli yon ekosistèm klas mondyal pou inovasyon terapi selilè ak jenetik. Lè nou pwofite rezèv talan eksepsyonèl Long Island ak enstitisyon rechèch yo, n ap poze fondasyon pou dekouvèt ki pral sove anpil lavi epi ki pral mennen kwasans ekonomik pou plizyè deseni k ap vini yo."

**Ko-prezidan LIREDC Linda Armyn ak Doktè Kimberly R. Cline, te deklare,** "New York BioGenesis Park reprezante yon investisman ki pote transfòmasyon nan avni Long Island epi solidifye pozisyon rejyon nou an nan avansman inovasyon byoteknoloji. Pwojè vizyonè sa a non sèlman pwomèt pou kreye bon jan kalite djòb epi pouse

kwasans ekonomik, men tou li etabli Long Island kòm yon sant mondyal pou rechèch ak devlopman terapi selilè ak jenetik. Lè yo pwofite enstitisyon akademik klas mondyal rejyon nou an, mendèv kalifye, ak lespri antreprenarya, New York BioGenesis Park pral katalize rekouvèt ki pral sove anpil lavi epi fasone avni swen sante a."

**Manm Asanble Gina Sillitti, te deklare,** "Investisman 150 milyon dola Eta New York nan yon sant rechèch terapi jenetik nan Lake Success se yon etap ki pote transfòmasyon nan devlope sektè byoteknoloji Long Island lan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li defann inisyativ sa a, ki pral kreye plizyè santèn djòb epi solidifye plis plas Long Island kòm yon lidè nasyonal nan rechèch ak tretman medikal dènye kri."

**Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Sant Kansè Global Roswell Park la, Candace S. Johnson, PhD, te deklare,** "New York se deja yon lidè nan syans pou fè 'remèd vivan' apati pwòp selil nou yo. Avèk investisman istorik sa yo nan Roswell Park GMP Engineering & Cell Manufacturing Facility ak New York BioGenesis Park, Gouvènè Kathy Hochul ak Empire State Development ap asire ekip nou yo sipòte pa yon enfrastrikti inovasyon ki pwisan ase pou transfòme kiryozi yo an remèd."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral New York Blood Center Enterprises, Christopher D. Hillyer, MD, te deklare,** "Kreyasyon Sant pou Terapi Selilè ak Jenetik nan Long Island reprezante yon investisman enpòtan nan avni medikaman. New York Blood Center Enterprises ak Comprehensive Cell Solutions trè fyè dèske yo fè pati ekip ki pral pozisyone New York kòm yon lidè mondyal nan syans lavi, patikilyèman nan terapi selilè ak jenetik, sa ki ofri nouvo espwa pou pasyan ki te fè fas ak maladi yon fwa yo te panse ki pa te ka trete."

**Michael J. Dowling, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health la, te deklare,** "Nou pran angajman pou sipòte Eta New York nan etabli sant terapi selilè ak jenetik inovan sa a nan Long Island. Etablisman an pral yon faktè ki chanje jwèt la pou doktè-syantifik yo, chèchè yo ak konpayi inovan yo, gen kèk nan yo ki deja travay ansanm nan rejyon an pou avanse nouvo tretman byomedikal nan batay kont kansè ak lòt maladi devastè, sa ki ofri nouvo espwa pou divès kominote nou yo atravè tout eta a."

**Pwezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Cold Spring Harbor Laboratory, Bruce Stillman, PhD te deklare,** "Inisyativ terapi selilè ak jenetik Eta New York la nan Long Island pral yon adisyon ki pi byen akeyi nan antrepriz rechèch byomedikal rejyon an, epi Cold Spring Harbor Laboratory espere fè patenarya ak inisyativ CGT a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development paske yo pyonye ekspansyon rechèch enteresan sa a."

New York BioGenesis Park ta ankouraje lyen solid ak enstitisyon akademik ak medikal nan tout New York, sa k ap kreye yon ekosistèm solid pou inovasyon nan Terapi Selilè ak Jenetik. An kolaborasyon ak Empire State Cellular Therapy Consortium ak enstitisyon mondyal tankou Cold Spring Harbor Laboratory, Feinstein Institutes, Northwell Health, Roswell Park, Stony Brook University, Weill Cornell, Columbia

University ak lòt atravè eta a. New York BioGenesis Park ta amelyore sinèji rechèch ak akselere dekouvèt medikal yo. Ekosistèm sa a ta rasanble ekspè nan terapi selilè ak terapi jentik avanse, ki ofri enstalasyon espesyalize, sèvis, ak resous pou lokatè yo ak enstitisyon k ap kolabore yo. Nan fasilite syans dènnye kri, devlopman teknoloji inovan ak nouvo apwòch nan esè klinik, New York BioGenesis Park ta asire enstitisyon New York yo rete konpetitif globalman nan rechèch ak komèsyalizasyon Terapi Selilè ak Jenetik revolisyonè.

New York BioGenesis Park ak ekspansyon fabrikasyon Terapi Selilè ak Jenetik nan Roswell Park ta kreye yon rezo pwisan, ki konekte ansanm ki pwofite resous ak kapasite konplèman nan tou de ekstremitè yo. Lè nou ankouraje yon ekosistèm konplè ki soti nan rechèch debaz rive nan aplikasyon klinik ak komèsyalizasyon, New York ap pozisyonè tèt li kòm premye destinasyon nasyon an pou rechèch, devlopman, ak fabrikasyon Terapi Selilè ak Jenetik.

Sant Inovasyon Terapi Selilè ak Jenetik Long Island lan pare pou sèvi kòm yon poto mitan nan Inisyativ Syans Lavi ki koute 620 milyon dola New York la. Vize pou etabli eta a kòm yon lidè nasyonal nan endistri syans lavi ki pi laj la—ki gen ladan byoteknoloji, famasetik, ak teknoloji medikal—inisyativ la bay 320 milyon dola pou pwogram estratejik pou atire nouvo teknoloji, ankouraje investisman nan domèn k ap emèje, ak estimile kwasans biznis syans lavi ak travay nan tout eta a. Apwòch milti aspè sa a ap chèche ankouraje devlopman yon gwoup rechèch klas mondyal, amelyore kapasite eta a pou l komèsyalize rechèch revolisyonè, epi estimile kwasans ekonomik. Lè li solidifye pozisyon New York nan inovasyon syans lavi, inisyativ la fè avanse devlopman Terapi Selilè ak Jenetik epi ranfòse konpetitivite mondyal eta a. Li [Plan Estratejik Inisyativ pou Syans Lavi Eta New York la isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)